CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #८०

१५ I८ I२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## वैदेशिक रोजगार विभागके अनुसार वैदेशिक रोजगारीमे जायवला कामदार कार्यरत क्षेत्र



**५८.२%** सामान्य सिपयुक्त काम (सरसफाई, मजदूर, सामान लदनाई, लजेनाई आ पहुचेनाई)

**१५%** बिक्री आ सेवा (पाउरोटी/मिठाई बनाबवला, बरिस्टा/कफी बनाबवला, देखभाल करवला, खाना बनाबवला, गृह व्यवस्था करबला, खुद्रा, सुरक्षा, सिलाईकटाई, हाउस किपिङ, रिटेल, सेक्युरिटी, टेलर, परसवला)

**९.९%** निर्माण (काठके काम, राजमिस्त्री, चित्रकार, कार्पेन्टर, मेसन, पेन्टर, मचान बनाबवला, ईस्पातके जोडबला)

**७.३%** गाडी चलाबवला/यन्त्र चलाबवला

**५%** विद्युतिय/यान्त्रीक प्राविधिक (वातानुकुलन यन्त्र प्राविधिक, मोटरगाडी, विजुलीके कामकरबला, पाईपलाईनके काम, धातुके जोडवला)

**२%** उत्पादन सँ सम्बन्धित

**०.८%** प्रशासनिक

**०.६%** पर्यवेक्षक

**०.४%** पानी जहाजपर

**०.८%** आरो

*सरकार वैदेशिक रोजगारीसँ रोजगार गुमाक नेपाल फिर्ता आएल व्यक्तिके रोजगारी देब कहिक बहुते बजेट निर्धारित कलरहल छै । लेकिन, कि उपर कहलगेल आँकडा अनुसारके दक्षता अनुसार रोजगारीके योजना स्थानीय तथा प्रदेश सरकार बनेलक त?*

स्रोत: https://dofe.gov.np/report.aspx

## नेपाल अपडेट



रोजगारीके लेल जिला प्रहरी कार्यालयमे आवेदन देब आएल नौजवानसभ

चित्र: दिनेश गौतम

### परिक्षण

पिसिआर परिक्षण: १७,३७,७४७

पोजेटिभ: २,३३,४५२

उपचाररत: १७,४२३

मृत्यु : १५०८

सन्चो भएका : २,१४,५२१






Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

accountabilitylab NEPAL

# हल्ला र तथ्य



अखन फेर कोरोना संक्रमितके शरीरमे भाईरस लम्बा समय रहैछै कहिक समाचार आबिरहल छै । संक्रमितके फेर कते दिनबाद जाँच कराब पड़तै ?

कोभिड - १९ पुष्टि भल १० दिन आईसोलेशनमे रहल व्यक्तिसभके आरो व्यक्तिसभमे संक्रमण होबके सम्भावना बहुते कम होईछै । तै सँ संक्रमण भेलाके १४ दिनके बाद लक्षण नै भेल व्यक्तिसभके पिसिआर परिक्षण नै कलक जनस्वास्थ्यके मापदण्डसभके पालना करैत जरुरतके दैनिक गतिविधीसभ कलसकैत अछि । संक्रमितके फेर पिसिआर परिक्षण नै कराब पड़तै ।

स्रोत: https://cutt.ly/whjSsks



कि सरकार कोभिड - १९ के नियन्त्रणमे खटल स्वास्थ्यकर्मीके जोखिम भत्ता नै देनहे छै ?

नेपाल सरकार कोभिड - १९ के ईलाजमे लागल सब तरहके जनशक्तिके जोखिम भत्ता व्यवस्थापन आदेश अनुसार जोखिम भत्ताके एबजके रकम निकासा कलचुकल छै । तहिना कलक कोभिड - १९ के संक्रमणके ईलाज बापत अस्पतालके अनुदान उपलब्ध कराब सम्बन्धी आदेश, २०७७ अनुसार आश्विन अन्ततकके जोखिम भत्ता सेहो निकासा भलचुकल छै । जँ जोखिम भत्ता पाबपरवला कर्मचारी तथा स्वास्थ्यकर्मीके भुक्तानी नै भेटल होई त यथाशिघ्र देब २०७७ अगहन १२ गते सचिव स्तरिय निर्णय भेल छै ।

स्रोत: https://cutt.ly/ThjyrNI



अखन कक्षा १२ के परीक्षा चलिरहल छै । कहियो कोनो त कहियो कोनो विषयके परिक्षा रद्द भेल समाचार आबै छै । आधिकारीक सूचना कत सँ बुझब ?

२०७७ साल अगहन ११ गते सञ्चालित कक्षा १२ के भौतिक विज्ञान (२१०) विषयके परीक्षा रद्द कल अगहन १७ गते पुन: सञ्चालन हेतै जेहन भ्रामक समाचारसभ सामाजिक सञ्जालमे आएल छलै । तेहन भ्रामक समाचारके पाछु नै पड़् राष्ट्रिय परीक्षा बोर्ड जनौलक अछि । तहिना कलक बोर्डके आधिकारिक वेबसाईटमे प्रकाशित सूचना बाहेकके सूचनाके भ्रममे नै पड़् सेहो आग्रह केने छै ।

स्रोत: http://www.neb.gov.np/uploads/photos/RhVIXRyqdr201126112024.jpg



अखन जतजत् भीडभाड़ बढल छै । स्वास्थ्य मापदण्ड सेहो कोई पालना करैछै जेना नै लगैछै । एकर अनुगमन के करतै ?

अखन सरकार टोल टोलमे कोभिड सहजिकरण समुह बनाक परिचालन करब कहने छै । ई समुहसभ समुदाय स्तरमे कोभिड सम्बन्धी सम्पूर्ण व्यवस्थापन आ अनुगमन करत कहने छै । जँ कतौ सरकारद्वारा निर्धारित मापदण्ड विपरित भीडभाड़ या सुरक्षा मापदण्ड पालना नै भेल भेटलापर सम्बन्धित वडाके वडा अध्यक्षके जानकारी कराबके चाही ।

स्रोत: https://drive.google.com/file/d/1L4SmmCha-Fzm8FZl9dsJGcDHdX_q-Frd/view

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु

२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ






COVID-19

को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ ३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| | साउदी अरब | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| नेपाली | ३,३४,४५१ | ७१,१९३ | २६,००० | ४,०६,९१७ | २,२४,९०५ | १७,०५७ | ५००,००० | ३८,८६२ |
| संक्रमित | ३,५७,१२८ | १,४२,४२६ | ८६,७८७ | १,३८,६४८ | १,६८,८६० | १,२३,४८४ | ६५,६९७ | ३४,२०१ |
| नेपाली संक्रमित | ५,२५० | २,१५० | ४५१ | २७,४१२ | ४,५०० | ३०० | ८१ | २७ |
| मृत्यु भएका नेपाली | ८४ | १२ | ३ | १८ | ३९ | १ | | |

गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली

गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या

गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या

गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली



स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

ShramikSanjal **नेपाली समुदायके पहलमे यूएईमे PCR रिपोर्ट लेब सहज व्यवस्था**

यूएईसँ नेपाल फिर्ता आबपरवला सब श्रमिकसभके लेल नेपाली समुदायसभके पहलमे थम्बे अस्पत( ालके रंगशाला मेट्रो स्टेसन नजिके रहल शाखा सँ PCR रिपोर्ट लेब सकके व्यवस्था कएलगेल छै।

शुल्क : **१८० दिरहाम ।**

लागबला समय: **६ सँ ८ घण्टामे रिपोर्ट अबैछै ।**



कोनो भी वायुसेवा सँ फिर्ता आब परे तैयो टिकट आ आरो कागजात (राहदानी, परिचयपत्र सेहो ललक जाएब ।)

ई जानकारी श्रमिक संञ्जालके बेदप्रसाद अर्याल उपलब्ध करेने छैथ ।

*नोट: नेपाल फिर्ताआबके लेल ७२ घण्टा भितर PCR-Negative रिपोर्ट चाही ।*

**www.facebook.com/shramik.sanjal** सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) मे हमरासभके प्रत्य देख सुन सकैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## २०७७ साल श्रावण मसान्त सम्म कोभिड - १९ को सन्दर्भमा भएको जम्मा खर्च

**१३ अर्ब ३७ करोड**

| संघिय सरकार | प्रदेश सरकार | स्थानीय सरकार | प्रधानमन्त्री कोरोना रोकथाम तथा उपचार कोष |
|---|---|---|---|
| ३६% | ११% | ४५% | ८% |

## संघिय सरकारमा भएको खर्च शिर्षक

औषधी तथा स्वास्थ्य उपकरण
रु. १,७५,५२,४०,०००

क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन
रु. ४,६९,४६,०००

स्वास्थ्य बीमा
रु. २,९३,८८,९६,०००

अन्य
रु. १,२४,७३,०००

मानव स्रोत साधन परिचालन
रु. ५,७४,४३,०००

## प्रदेश सरकारले गरेको खर्च




accountabilitylab NEPAL

# फ्रन्टलाईनर्स भोईसेस

## रञ्जन झा

अ.हे.व., मठिहानी नगरपालिका स्वास्थ्य चौकी, धनुषा



"पहिले काम केनाई बहुते चूनौतीपूर्ण छलै । डरायवला अवस्था छलै । केकरो छुवमे डर लगैछल । स्वास्थ्य चौकीमे सेवा लेब आएलसभके सेवा दैतकाल आ दवाई बाँटकाल बहुते आदमीसंगे सम्पर्क भेला सँ घर एलापर परिवार सँ दूर रहैछलौ । किछ समय त घर जेनाई छोईड् देने छलौ । लेकिन, अखन अवस्था सामान्य बनल छै । अखन समुदायमे सेवा देबमे सेहो पहिले जकाँ डर नै लगैय । मास्क लगाएक काम करैछी । लेकिन, समुदायके आदमीसभ अखनो तक मास्क प्रयोग नै करैत छैथ । प्रयोग कर सँ सेहो कोरोना किछ नै छै कहिक जवाव दैत छथि । अई सँ संक्रमण बढा्बके जोखिम आरो बेसी छै । "

## रुवि सिंह

कर्यालय सहयोगी, जलेश्वर नगरपालिका शहरी अधारभूत स्वास्थ्य केन्द्र, महोत्तरी



"हम कार्यालयमे नियमित सेवा दैत छलौ । हम खासे कोरोना सँ नै डरेलौ, लेकिन सचेत छलौ । गाँममे सेहो सर्तक रहके उपायके बारेमे सबके बुझाबैत छलौ । हम कामसँ बाहर गेलौ । एलाके बाद सर्दि खोकी लागल । पिसिआर परिक्षण करेलापर पोजेटिभ आएल । हम अस्पताल नै गेलौ । घरेमे एकान्तवास मे रहलौ । पोजेटिभ देखेलाके बादो लक्षण किछ नै देखाएल । कोनो लक्षण नै देखेलाके सात दिनबाद परिवार संगे रह लगलौ । कार्यालय लेकिन १४ दिनके बाद गेलौ । अखन हम ठिक छी । हमरा किछ नै होई तैयो सतर्क होबके चाही जेना लगैय । "

## मुना खनाल

नर्स, सुनबर्से नगरपालिका, मोरङ



"कोरोना भाईरसके बारेमे ओते गम्भीर नै भेला सँ बाहर सँ आएलसभके क्वारेन्टाईनमे रखनाई, हुनकासभके स्वास्थ्य शिक्षा आ लक्षणसभके बारेमे बुझेनाई चूनौतीपूर्ण छलै । तै पर सँ परिवारे बाहरसँ आएलसभके नुकेब लगलाके कारण हुनकासभके परामर्श देनाई सेहो कठिन छलै । हुनकासभके लगैछलै ई सब स्वास्थ्यकर्मीसभके लेल कर पड़ै छै । तखन हुनकासभके ई सावधानी अपनेला सँ स्वयम्के आ परिवारके फाईदा हेतै कहिक सम्झेनाई जरुरी छलै । लेकिन, तहि समयमे क्वारेन्टाईमे रहल सभ भागै छल । हुनकासभके खोजीक लेनाई ओतबे मुश्किल छलै । "

# नेपालमे कोभिड - १९ के वर्तमान अवस्था

## नेपालमे कोभिड - १९ के सकृय संक्रमित आ निक भेल आ मृत्युभेल सभके संख्या




उपरके रेखाचित्रमे नेपालमे कोभिड - १९ के सकृय संक्रमित आ निक भेल आ मृत्यु भेलसभके संख्याके देखाएल गेलछै । विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेवसाईट (https://www.who.int/bulletin/online_first/BLT.20.265892.pdf) मे प्रकाशित कोभिड - १९ सँ संक्रमितके मृत्युदर सम्बन्धी आँकडा अनुसार विश्वमे निक होबवलाके संख्या ९७% छै । जब की नेपालमे संक्रमित निक होबके दर ९१.६१% छै । ओही प्रतिवेदन अनुसार, विश्वमे संक्रमणसँ मृत्यु होबवलाके दर ०.२३% छै । जब की, नेपालमे एकर मृत्यु दर तीन गुणा बेसी, अर्थात ०.६४% छै । अई सँ नेपालमे बहुते संक्रमितसभ अखनो निक होबके बाँकी छै से देखाबैत छै । तहिना कलक कोभिड - १९ सँ मृत्यु होबवलाके संख्या सेहो विश्वके औषत मृत्युदर सँ नेपालमे बेसी छै ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs